

Seyans Enfòmasyon Chak mwa “Pran Devan Plon”

Sijè: Avi Anyèl ak Ankèt

Anpwazonnman penti abaz plon ka lakoz pwoblèm devlopman pou timoun ki poko gen sizan. Pou limite ekspozisyon nan danje penti abaz plon, [Lwa Lokal nimewo 1 ane 2004](#) la egzije pou pwopriyetè pwopriyete bilding ki bati anvan 1960, oswa bilding ki te konstwi ant 1960 ak 1978 kote pwopriyetè a konnen gen penti abaz plon, pou pwopriyetè sa yo idantifye epi korije danje penti abaz plon nan apatman kote yon timoun ki poko gen sizan abite.

Lwa Lokal nimewo 1 ane 2004 la bay Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York (Housing Preservation and Development, HPD) la responsabilite pou aplike ak fè respekte plizyè dispozisyon nan Lwa Lokal nimewo 1 an.

Nan angajman nou pran pou bay pwopriyetè pwopriyete yo enfòmasyon sou obligasyon yo genyen dapre lwa a, HPD ap pibliye yon seri bilten chak twa (3) mwa sou [entènèt](#) ak nan imel.

Chak bilten ap soulinye yon sèl aspè nan lwa a, epi bilten an pa la pou kouvri tout lwa ak règ ki aplikab yo. Bilten sa a konsantre prezizeman sou egzijans ki gen rapò ak avi anyèl yo ak ankèt yo.

Piblikasyon sa a la pou bay enfòmasyon sèlman epi li pa reprezante yon konsèy jiridik. Enfòmasyon sa yo pa yon deskripsyon konplè oswa final pou tout responsablite pwopriyetè ak lokatè yo gen anrapò ak lwa ak règ ki konsène lojman nan Vil New York.

AVI ANYÈL

Ant 1^{ye} janvyè ak 16 janvyè, pwopriyetè pwopriyete yo oblije distribiye yon [avi anyèl](#) bay lokatè yo gen nan moman an pou mande si gen yon timoun ki poko gen sizan ki abite nan inite a oswa ki pral abite nan inite a. Yo **dwe** bay avi sa a ni ann [Anglè](#) ni ann [Espanyòl](#).

Pou pwopriyetè yo jwenn aksè nan avi anyèl la, yo kapab vizite [pajwèb HPD sou Penti abaz Plon](#).

Pwopriyetè yo ka distribiye avi a nan youn nan fason sa yo:

- Nan kourye lapòs premye klas yo adrese bay lokatè inite lojman an;
- Remèt lokatè inite lojman an avi a nan men;
- Mete avi a ansanm ak bòdwo lwaye janvyè a, si yo voye bòdwo lwaye sa apre ken (15) desanm, men pa pita ke sèz (16) janvyè; oswa
- Delivre avi sa ansanm ak [avi anyèl](#) Depatman Sante ak Lijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene) egzije konsènan enstalasyon pwotèj nan fenèt yo.

Lè li fin resevwa avi anyèl la, moun ki abite nan inite a gen jiska 15 fevriye pou li bay pwopriyetè a yon repons ki endike si wi ou non gen yon timoun ki poko gen sizan k ap viv nan inite lojman an.

ANKÈT:

Si pwopriyetè a pa resevwa repons alekri sa a nan dat 15 fevriye oplita, epi li pa konnen reyèlman nan lòt fason si gen yon timoun ki poko gen sizan k ap viv nan inite lojman an, pwopriyetè a, pandan lè ki rezonab epi apre li bay yon preyavi ki rezonab, li dwe fè enspeksyon inite lojman lokatè a pou konstate si gen yon timoun ki poko gen laj sizan ki abite ladan.

Si, ant 16 fevriye ak 1ye mas, pwopriyetè a te fè efò rezonab pou jwenn aksè nan yon inite lojman pou detèmine si gen yon timoun ki poko gen sizan ki abite nan inite lojman an epi li pa kapab jwenn aksè ladan, pwopriyetè a oblije ekri Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene) pou avèti yo de sitiyasyon an nan:

Department of Health and Mental Hygiene
Re: Lead - Annual Notice and Investigation
 125 Worth Street, Room 930, CN-59A,
 New York, NY 1001

Si lokatè a voye repons pou avi anyèl la epi li rapòte gen yon timoun ki poko gen sizan, oswa yon pwopriyetè idantifye yon apatman gen yon timoun konsa gras ak efò pwopriyetè a fè pou jwenn aksè nan apataman an, li dwe fè yon enspeksyon vizyèl pou penti abaz plon. Enspeksyon vizyèl sa a gen ladan fè ankèt nan inite a pou penti k ap dekale, sifas yo kapab moulen nan bouch, anba sifas ki deteryore, sifas fwotman ak sifas enpak.

Yo dwe fè yon enspeksyon vizyèl yon fwa chak ane omwen epi pi souvan si sa nesesè, pa egzanp lè:

- Pwopriyetè a konnen oswa li ta dwe yon pwoblèm ki ase previzib pou li ka kreye yon danje penti abaz plon, pa egzanp yon kote nan apatman an ki koule;
- Si yon lokatè fè yon plent konsènan yon pwoblèm ki riske lakoz yon danje penti abaz plon oswa li mande yon enspeksyon;
- Si depatman an bay yon avi pou vyolasyon oswa li bay lòd pou korije yon vyolasyon ki riske lakòz yon danje penti abaz plon.

Pwopriyetè a oblije enfòmè lokatè a alekri sou rezilta yon ankèt epi li dwe bay yon kopi nenpòt rapò yon ankèt resevwa oswa nenpòt rapò ki kreye nan yon ankèt. Pwopriyetè a dwe konsève nenpòt dokiman ki gen rapò avèk enspeksyon vizyèl yo ak avi anyèl li bay lokatè yo. Anplisdesa, pwopriyetè a dwe transfere dokiman obligatwa Lwa Lokal nimewo 1 an bay nouvo pwopriyetè ki kontinye menm biznis la.

Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou fè yon bon evalyasyon vizyèl pou penti abaz plon, gade klas Fòmasyon HUD a sou Evalyasyon Vizyèl sou entènèt nan <https://apps.hud.gov/offices/lead/training/visualassessment/h00101.htm> .

KONFÒMITE/KONSÈVE DOSYE:

Tanpri konnen HPD ka fè odit dosye ou yo ki gen rapò ak responsablite pwopriyetè genyen dapre Lwa Lokal nimewo 1 an.

Pwopriyetè pwopriyete yo oblije konsève dosye sou nenpòt travay ki fèt.

Dosye yo konsène rapò ankèt, dokiman sou enspeksyon anyèl yo, ak kopi avi anyèl ki siyen yo. Yo dwe konsève dosye sa yo pandan dis (10) ane apati dat siyati dokiman an.

Rapèl jeneral

- Tout kontra lwaye ke yo ofri lokatè oswa moun ki ka gen chans pou vin lokatè nan lojman miltip sa yo dwe gen ladan avi sou [Kontra Lwaye/Kòmansman Okipasyon](#) ni ann [Anglè](#) ni ann [Espanyòl](#) (ou oblije distribye toude). Pwopriyetè lojman miltip konsa dwe bay moun ki abite nan lojman miltip yo [tiliv sou penti abaz plon](#) an ni ann [Anglè](#) ni ann [Espanyòl](#). Pou pwopriyetè yo jwenn tiliv la, yo kapab ale sou [paj destinasyon HPD sou Penti abaz Plon](#).
- Sèvi avèk pratik travay san danje ak travayè kalifye pou fè ankèt sou danje penti abaz plon epi pou korije danje sa yo, epi fè tout travay ki nesèsè yo lè gen chanjman apatman. Chanjman vle di inite lojman an te vin vid, epi yo lwe inite a bay yon nouvo lokatè. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pratik travay ki san danje yo, li [Gid Lwa Lokal # 1 ane 2004 la sou Pratik Travay](#).
- Korije nenpòt vyolasyon annatant konsènan penti abaz plon (ki te emèt dapre lwa anvan yo sou penti abaz plon) avèk itilizasyon pratik travay san danje ki presize nan Lwa Lokal nimewo 1 ane 2004 la epi konsève dosye sou travay ki fèt yo.
- Pwopriyetè yo oblije konsève dosye ki gen rapò ak tout aktivite konsènan penti abaz plon ki endike anwo a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pratik san danje pou penti abaz plon ak fason pou rezoud vyolasyon HPD yo, gade nan pajwèb HPD a nan <https://www1.nyc.gov/site/hpd/services-and-information/lead-based-paint.page>.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou inisyativ ki dekri nan plan LeadFree NYC (Vil New York san Plon) a, tanpri al gade nan nyc.gov/leadfree.